

BAB V

KACINDEKAN

5.1 Kacindekan

Naskah téh mangrupa bagian tina titinggal kabudayaan anu perlu dijaga salaku pakaya kabudayaan masarakat hususna masarakat Sunda. Keur ngajaga tur ngariksa kabudayaan nya éta salah sahijina ku ngulik tur medar karya sastrana, kaasup karya buhun anu mangrupa carita babad. Dina ieu panalungtikan nya éta nalungtik ngeunaan transliterasi, struktur carita anu aya dina naskah Babad Galuh katut dipatalikeun jeung bahan pangajaran di sakola.

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun metode déskriptif analitik. Ieu métode téh dilaksanakeun pikeun ngadéskripsiikeun carita Babad Galuh ti mimiti transliterasi nepi ka struktur caritana. Ieu naskah téh eusina nyaritakeun ngeunaan carita anu aya di sabudeureun Galuh dina mangsa harita. Sababaraha raja-raja anu kungsi ngawasa boh di karajaan Galuh atawa Pajajaran jeung di karajaan Mataram.

Naskah Babad Galuh ditransliterasi kana wangun tulisan latén. Naskah Babad Galuh miboga wangun ugeran atawa puisi nya éta ku sababaraha pupuh. Pupuh-pupuh anu ngawangunna ngajadikeun hiji carita ngeunaan Galuh mangsa harita. Pupuh anu digunakeun dina ieu naskah Babad Galuh téh nya éta aya 8 rupa, diantarana (1) Dangdanggula; (2) Asmarandana; (3) Kinanti; (4) Pangkur; (5) Mijil; (6) Pucung; (7) Durma; jeung (8) Sinom.

Téma anu aya tina ieu carita Babad téh nya éta ngeunaan sosial atawa kamasarakan. Kumaha hubungan anatara hiji masarakat jeung masarakat séjénna, antara hiji jalma jeung jalma séjénna. Silih tulungan papada jalma contona diantarana nalika Aki Balangantrang nulungan budak kasép anu aya dina kandagan, nalika Ratu ngangkat Ciung Wanara jadi budakna.

Watek palaku anu dianalisis nya éta Ratu Galuh anu miboga watek anu gedé ambek tur bageur, Ciung Wanara anu miboga watek kasép, Ajar anu miboga Watek

gedé wadul, Aki balangantrang anu bageur, nu welas asih, jeung hariang Banga Maraja Sakti anu bageur.

Galur atawa plot dina ieu carita Babad Galuh nya éta maké galur mérélé. Ieu Galur ditunjukeun dina carita nalika dipakéna kecap tuluy dina unggal bagian carita. Galur mérélé biasana diwangan ku tilu galur, nya éta bagian bubuka, bagian muncul masalah (klimaks), jeung mungkas carita.

Latar atawa setting dina ieu carita kabagi kana tilu golongan, nya éta latar tempat, latar waktu jeung latar suasana. Sedengkeun Gaya basa anu kapanggih dina ieu carita diantarana gaya basa 1) Ngupamakeun, 2) Mijalma, 3) Rarahulan jeung 4) Rautan. Sangkan leuwih jelas baris diberendelkeun ieu dihandap.

Amanat anu bisa dicangking tina ieu carita téh nya éta hirup di dunya téh kudu silih tulungan, sabab di dunya lain ngan saukur hirup sorangan, teu hirup kumbuh jeung nu séjénna. Amanat séjénna nya éta kudu jujur. Sakalina ngabohong pasti moal bisa dipercaya deui.

Ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran dina kaparigelan maca nya éta maca carita buhun di SMA kelas XII. Ieu hal disaluyukeun jeung Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD).

5.2 Rekomendasi/Saran

Tina hasil panalungtikan aya sababaraha saran atawa rékoméndasi anu ditepikeun jeung bakal ngaronjatkeun hasil kana aprésiasi karya sastra hususna karya sastra buhun, nya éta diantarana saperti anu aya di handap :

1) Pikeun Panalungtik Sastra Buhun

Sangkan karya sastra buhun teu leungit kitu waé ku kamajuan jaman, tangtuna kudu dijaga tur diguar pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan naskah. Dina kanyataanana, sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan ieu naskah Babad Galuh anu kaasup carita buhun nyatana ngandung ajén-ajén anu mangpaat keur nu maca.

2) Pikeun Guru Basa Sunda

Sangkan anu jadi guru basa Sunda bisa miboga pangaweruh ngeunaan karya sastra sunda kaasup karya sastra buhun, diantarana wawacan, carita pantun jeung carita babad. Saupama guru basa Sunda geus miboga pangaweruh ngeunaan éta hal, tangtu bisa méré pangaweruh ka siswa jeung lingkunganna.

3) Pikeun Masarakat

Sangkan bisa ngawangun rasa reueus tur hayang nyaho keur ngamumulé karya sastra buhun. Salian ti éta, masarakat bisa mikanyaho yén sabenerna di lingkungan urang masih kénéh aya warisan anu mémang kudu dijaga éksisténsina salah sahijina nya éta naskah-naskah klasik.

4) Pikeun Lembaga Atikan

Sangkan ieu hasil panalungtikan bisa jadi alternatif tur pangdeudeul pikeun bahan pangajaran maca di SMA/SMK/MAN. Hususna keur alternatif bahan ajar dina maca carita buhun.